Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№14-15
(9657-9658)

2015 соналъул
13 февраль

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГЬУДУЛ-ГЬАЛМАГЪАСУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ РАГІИ

## ГЬАСУЛ ГІУМРУ АНА ВАТІАНАЛЪЕ ХЪУЛУХЪАЛДА



Жакъа дица жиндир гІумруялъул хІакъалъулъ хъвазе хІалбихьулеб бугев чи вуго жиндир тІолабго гІакълияб гІумру ВатІаналъе рагъулаб хъулухъалда арав, гьанже мустахІикъаб хІалхьиялда вугев Абакар Жаватханов.

Районалъул чІахІияб гІелалда гьев лъала тІадегІанаб гІаданлъиялъул, яхІ-намусалъул ва бацІцІадаб ракІалъул инсан хІисабалда. Гьеле, гьединал тІадегІанал качестваліулал хасиятазда хІалтІана гьев анцІила хадур соназ районалъул рагъулав комиссарлъун…

Гъодобери росулъ, хъулухъчиясул хъизамалда гьавурав гьев, гьоркьохъеб лъай щун хадув уна Бакуялъул рагъулаб училищалде цІализе.. «Отлично» къиматазда гьеб лъугІинабурав гІолохъанав рагъулав лейтенант Абакар витІула Закавказскиялъул рагъулаб округалъул ихтиярал-де. Гьениса витІула гуржиязул Кутаиси абулеб шагьаралда бугеб рагъулаб частальде взводалъул командирлъун. Гьоркьоб гІемер заманго инчІого витІула Батумия шагьаралда бугеб рагъулаб частальде ротаялъул командирлъун…

Гьединан хІалтІулаго гьес бихьизабулеб букІана ВатІаналъе бугеб ритІухълъиги хІалтІуе бугеб бажариги. Ротаялъе гьабулеб нухмалъи-ялъулъ гьес хІалтІизабулеб букІана «ЛъачІони малъила, бокьичІони гьабизабила» абураб принцип. Гьединан гьев вукІана кьварарав командирги сабруяв насихІатчиги. РакІбацІцІадго гьабулеб рагъулаб хъулухъалъе гІоло гІолохъанав офицер мустахІикълъулев вукІана рагъулаб частальул командованиялъул рахъалдаса баркалабазе ва хІурматиял грамотабазеги. Заман щвелелдего кьуна иргадулаб чин-кІудияв лейтенантасул цІар…

Гьединаб къагІидаялда Совет Союзалъул БагІараб Армиялда хъулухъ гьабулев вукІарав гьев эбел-инсул хъизамалда букІараб лъикІаб гьечІеб хІалалда бан, 1958 соналда вачІине кка-на Дагъистаналде. Ва вачІинахъего гьев тІамула Хьаргаби районалъул рагъулав комиссарасул заместительлъун. Чанго сонидаса рагъулав майорасул чиналда Абакар Жаватханов тІамула Дагъистаналъул чІахІиял районазул цояб, Леваши районалъул рагъулав комиссарлъун…

Гьесул бицунелъул гьеб районалъул Кутиша росдал школалъул учитель, жиндир мунагьал чураяв Муса ГІалиевас абуна: Абакар Жаватханов вуго военкомлъун Аллагьасго вижарав чи. Гьединав рагъулав комиссар Леваши киданиги вукІинчІо. Гьесулъ руго инсанасулал киналго тІадегІанал хасиятал-сундулъго рекІел бацІцІалъиги, ишалдехун жавабчилъиги, гІадамаздехун берцинаб бербалагьиги, гьудул-гьалмагълъи бокьиги ва гьеб цІуниги. Гьес щулияб бухьен ккола районалъул киналго росабазул школазулгун. Кьойилаб кумек гьабулаан школазе, цІалдохъабазе патриотикияб тарбия кьеялъулаб, хІалтІулъ. Дие бищунго гьев рагъулав комиссарасул бокьулеб хасиятлъун ккола бицунелъулги гьабулелъулги цолъи. Гьелъие гІоло гьев вокьулев вукІана районалъулго гІадамазе, гьезда гьоркьоб мустахІикъаб къадру-къиматги букІана гьесул. Амма гьев кин бугониги жидерго районалде инчІого чІечІо,-ян.

-ИнчІого чІечІо абураб жо мекъи буго Муса,-ян абуна дица гьесда. Ва бицана гьев Болъихъе вачІараб къагІидаялъул. Дида лъалаан гьев гІагараб Болъихъ районалде рагъулав комиссарлъун вачІиналъе гІилла. Гьев вачІана районалъул партиялъул райкомалъулги райсоветалъулги гьариялдаги ва тІалабалдаги рекъон. АнцІила хадур соназ хІалтІулаго гьезда бихьизеги бихьана жалго ритІарал рукІин. ЦІияв рагъулав комиссарас кьокъабго заманалда республикаялъул военкомазул цебесеб кьерде бачІана балъхъадерил военком.

Хасаб кІвар кьолеб букІана гьес ВатІаналъе тІадаб рагъулаб хъулухъ гьабиялде гІолилал моралиябги физическиябги рахъалъ хІадур гьариялде, гІун бачІунеб гІелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе школагун цадахъ хІалтІи гьабиялде. Кидагосеб бухьен кколаан рагъулаб хъулухъ гьабулел ругел районалъул гІолохъабазулгун ва гьезул рагъулал частазулгун.

ВатІаналъе тІадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе унел гІолохъаби щибаб нухалда тІоритІулаан рохалилаб къагІидаялда ва насихІаталгунги ва тІадкъаялгун…

-Абакар, гьединаб кьучІаб къагІидаялда ва тІадегІанаб жавабчилъиялда хІалтІи гІуцІиялъе лъидаса мун ругьунлъаравин гьикъидал гьес гьединаб жаваб кьуна:-Гьелъие бищунго цеве дун налъулав вуго мунагьал чураяв дирго инсуе. Гьев вукІана кидаго цІакъ вакІа- вахарарав, жинда божизабураб бокьараб ишалъе гІоло жавабчилъи цІикІкІарав чи. Гьев хІалтІулев вукІана колхозалъул председательлъунги, партиялъулал гІуцІалабазул секретарьлъунги. Киб захІматаб бугеб гьеб росулъе витІулаан гьев.

Хадув дун налъулав вуго дунго цІалулев вукІараб рагъулаб училищаялъул преподавателазе,-ян.

Гьединан, ВатІаналъе рагъулаб хъулухъ гьабурав Абакар Жаватханов мустахІикълъана пачалихъалъул гІемерал рагъулал шапакъатазе.

Абакарие хІалтІулъ рахъ кквей щолаан мунагьал чураяй гьесул чІужу Шумайсатидасанги. РуччабазулгІаги кинаб рахъккве букІунеб-абун ккезе бегьула гьеб лъаларезда.

Жакъа мустахІикъаб хІалхьиялде арав рагъулав майор-Абакар Жаватханов кутакалда рази вуго вацадул васас гьабулеб тІалабалдаса. ТІубанго канлъи ун бугониги гьесулъ цІунун хутІун ругоан жиндирго сабруги, вакІа-вахариги сахаватлъиги ва гІадамаздехун рокьи-хинлъиги. Гьединго загьирлъулеб буго рекІелъ иманги ТІадегІанасде бугеб божилъиги щулалъун букІин.

Гьанибго абила жакъа Абакар Жаватханов вуго Гъодобери росдал гІун бачІунеб гІелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьолезе чІагояб мисаллъун вугев гьелъул унго-унгояв гІахьалчи.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

## ГЬАЗУЛ ГЬУНАР ЦІУНИЛА НИЛЪЕЦА РЕКІЕЛЪ

Гьаб соналъул 15 февралалда улкаялъ кІодо гьабулеб буго Афгъанистаналдаса нилъер улкаялъул рагъулал аскарияalthough нахъе рачаралдаса 26 сон тІубай. Афгъанистаналда рагъулаб хъулухъ тІубалел рукІарал аза-азар гІолилал васазе 26 сон цебе лъугІана рагъ. Амма гьелъ лъурал ругънал жеги сахлъун гьечІо.

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ санайилго дандчІваял гьарула цІалдохъабазул «афгъанцал»-Арсен ПатахІовасулгун ва Герей Мусаевасулгун.

Афгъанистаналда букІараб рагъулъ лъукъиялдалъун, Арсен ПатахІовасул ракІалда гьоркь маххул кесек хутІун бугоан. Гьениб унеб букІараб рагъул хІакъалъулъ А. ПатахІовас бицунеб букІана гІадатияб ишалъул гІадин. Амма гьесда ва гьесул гьалмагъзабазда бараб букІана Кандагаралдаса унеб букІараб грузалъул къисмат. Гьеб нухалда цІарги лъун букІана «ГІумрудул нухилан» абун.

Жидерго гІумрудуе бугеб хІинкъиялдеги балагьичІого, Арсеницаги гьесул гьалмагъзабазги гІумру хвасар гьабулеб букІана анцІ-анцІ, аза-азар афгъанцазул.



Гьединабго къагІидаялъ бахІарчилъигун кьвакІи бихьизабуна гьес, 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназулъ, халкъазда гьоркьосел хьачагъазде данде рагъ баялдалъуни.

Гьесго гІадин Афгъанистаналда рагъулаб хъулухъ ракІбацІцІадго тІубазабулеб букІана Герей Мусаевасги.

Афгъанистаналда рукІарал лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ бицунеб калам дагьаб букІуна гьесул. Амма гьес кидаго цІалдохъабазда малъ-ула школалда, дарсазда тІадчІун, лъикІ цІализе кколеблъиги. Жиндирго хІакъалъулъ бицунеб мехалъ гьес абулеб букІана школалда цІализе жив лъикІав вукІинчІилан, гьелъ жиндие рагъулаб хъулухъ тІубазеги захІмалъулеб букІанила. Жив хвасар гьабулеб жо букІанила гІагараб «ЦІагъуна» авалалъул мугІрул лъикІ лъалел рукІин. ГьитІинаб мехалъ гьев гІемер унев вукІун вуго гІухьбигун цадахъ мугІруздеги.

Афгъанистаналда рагъулаб хъулухъ тІубалаго, Герейил нухазда минаби лъезеги, гьел рахъизеги кутакалда махщел букІун буго. Чанги нухалъ цадахъ хъулухъ гьабулезул гІумру хвасар гьабула гьес.

Афгъанистаналда рагъулаб хъулухъ тІубалаго нилъер гІолохъабаз бихьизабураб бахІарчилъигун кьвакІиялъе ва гьунаралъе хвел гьечІо. Гьеб кидаго цІунун букІине буго нилъер ракІазулъ.

***ГІ. ХАЛИЛБЕГОВА,***
***ТОКСалъул нухмалъулей.***

# РЕШЕНИЕ

**двадцать третьей сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 05.02.2015 года**

**О передаче осуществления части полномочий местного значения муниципального района по решению вопросов местного значения органам местного самоуправления сельского поселения в сфере жилищно –коммунального хозяйства и градостроительной деятельности**

В соответствии с Федеральными законами от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», от 27.05.2014 № 136-ФЗ «О внесении изменений в статью 26.3 Федерального закона «Об общих принципах организации законодательных (представительных) и исполнительных органов государственной власти субъектов Российской Федерации» и Федеральный закон «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район» РЕШАЕТ:

1. Передать сельским поселениям, на период с 01.01.2015 по 31.12.2015, осуществление части полномочий муниципального района «Ботлихский район» по решению вопросов местного значения муниципального района в сфере жилищно–коммунального хозяйства и градостроительной деятельности за счёт межбюджетных трансфертов, предоставляемых из бюджета муниципального района в бюджеты поселений.

2. Администрации муниципального района «Ботлихский район» заключить с сельскими поселениями на 2015 год соглашения о передаче сельским поселениям осуществление части полномочий муниципального района «Ботлихский район» по решению вопросов местного значения муниципального района в сфере жилищно–коммунального хозяйства и градостроительной деятельности.

3. Контроль за исполнением настоящего решения возложить на постоянную комиссию по финансам, бюджетному процессу и налогам Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район».

4. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Дружба» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в информационно – коммуникационной сети Интернет.

5. Настоящее решение вступает в силу после его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 01.01 2015года.

**Глава муниципального района М. Патхулаев**

# РЕШЕНИЕ

**двадцать третьей сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 05.02.2015 года**

**О направлении переходящих остатков 2014 года по состоянию на 01.01.2015 год и внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «О районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2015 года и на плановый период 2016- 2017 годов» от 26.12.2014г.№2**

Рассмотрев представленный главой администрации МР «Ботлихский район» проект решения «О направлении переходящих остатков 2014 года по состоянию на 01.01.2015 года и внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «О районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2015 год и на плановый период 2016-2017 годов» от 26.12.2014 года №2, Собрание депутатов муниципального района **решает**:

1. Направить переходящие остатки 2014 года по состоянию на 01.01.2015 года в сумме 4 498 595 рублей целевым назначением согласно приложению №1.

2. Внести изменения в решение Собрания депутатов МР «Ботлихский район» «О районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2015 год и на плановый период 2016-2017 годов» от 26.12.2014 года №2 согласно приложению №2.

3. Уменьшить в доходах субсидии на сумму 5 380 881 рублей предусмотренные на удешевление питания в 1-4 классах, в связи с централизацией средств в Минобрнауки РД с уменьшением расходов согласно приложению №3.

**Глава муниципального района М. М. Патхулаев**

*приложение №1*
*к решению СД*
*МР "Ботлихский район"*
*от 05 февраля 2015 г №2*

| Наименование показателя | Код по бюджетной классификации | | | | | | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | |
| МКУ РЦДО и ДЮ (На выплату декабрьской з/платы) | 400 | 0702 | 4239900 | 111 | 211 | | 2 663 423 |
| МКУ РЦДО и ДЮ | 400 | 0702 | 4239900 | 111 | 213 | | 804 352 |
| Автодорога Ботлих-Рахата-Ансалта | 001 | 0409 | 3159801 | 414 | 310 | | 1 030 820 |
| Итого: | | | | | | | 4 498 595 |

*приложение №2*
*к решению Собрания депутатов*
*МР "Ботлихский район"*
*от 05 февраля 2015г №2*

| Наименование МКУ | Код по бюджетной классификации | | | | | | Уменьшить | | Код по бюджетной классификации | | | | | | Увеличить | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | Примечание | Сумма | главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | Примечание | Сумма |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0104 | 0020420 | 244 | 310 | | | 10 000 | 001 | 0104 | 0020420 | 122 | 222 | | | 3 000 |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0104 | 0020430 | 244 | 290 | | | 7 000 | 001 | 0104 | 0020420 | 122 | 226 | | | 7 000 |
| АМР "Ботлихский район" | | | | | | | | | 001 | 0104 | 0020430 | 244 | 340 | | | 7 000 |
| УО АМР "Ботлихский район | 400 | 0709 | 0020440 | 244 | 340 | | | 5 000 | 400 | 0709 | 0020440 | 242 | 221 | | | 5 000 |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0502 | 0029900 | 810 | 242 | | На обслуживание водопровода Ансалта-Ботлих | 500 000 | 001 | 0502 | 0029900 | 243 | 225 | | На обслуживание водопровода Ансалта-Ботлих | 500 000 |
| | | | | | | | Итого: | 522 000 | | | | | | | Итого: | 522 000 |

откл 0

*приложение №3*
*Собрания депутатов*
*МР "Ботлихский район"*
*п 05 февраля 2015г №2*

| Наименование МКУ | Код по бюджетной классификации: главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | Уменьшит: Примечание | Сумма | Код по бюджетной классификации: главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | Увеличить: Примечание | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Алак СОШ МКУ лицей | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 239 483 | | | | | | | | |
| Анди СОШ №1 МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 291 870 | | | | | | | | |
| Анди СОШ №2 МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 304 343 | | | | | | | | |
| Ансалта СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 344 257 | | | | | | | | |
| Ашали ООШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 52 387 | | | | | | | | |
| БСШ №1 МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 536 342 | | | | | | | | |
| БСШ №2 МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 481 460 | | | | | | | | |
| БСШ №3 МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 157 161 | | | | | | | | |
| Гагатли СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 284 386 | | | | | | | | |
| Годобери СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 461 503 | | | | | | | | |
| Зило СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 82 322 | | | | | | | | |
| Кванхидатли ООШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 54 881 | | | | | | | | |
| Миарсо СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 187 096 | | | | | | | | |
| Муни СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 346 751 | | | | | | | | |
| Ортоколо СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 117 247 | | | | | | | | |
| Рахата СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 344 257 | | | | | | | | |
| Риквани СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 62 365 | | | | | | | | |
| Тандо СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 59 871 | | | | | | | | |
| Тасута ООШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 52 387 | | | | | | | | |
| Тлох СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 376 687 | | | | | | | | |
| Хелетури СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 42 408 | | | | | | | | |
| Чанко СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 67 355 | | | | | | | | |
| Шодрода СОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 64 860 | | | | | | | | |
| Инхело ООШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 194 580 | | | | | | | | |
| Кижани ООШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 52 387 | | | | | | | | |
| Беледи НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 7 484 | | | | | | | | |
| В-Алак НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 9 978 | | | | | | | | |
| Гунха НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 42 408 | | | | | | | | |
| Зибирхали НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 7 484 | | | | | | | | |
| Н-Алак НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 27 441 | | | | | | | | |
| Шиворта НОШ МКУ | 400 | 0702 | 4361200 | 244 | 340 | | На обеспечение разового питания 1-4 классов в связи с централизацией средств в Мин. Образовании | 27 441 | | | | | | | | |
| | | | | | | | Итого: | 5 380 882 | | | | | | | Итого: | 0 |

-5 380 882

# МФЦ-КАЧЕСТВО И КОМФОРТ

У каждого человека своя жизненная ситуация: получение или замена паспорта, рождение ребёнка, открытие своего дела, регистрация недвижимости или оформление социальных льгот и компенсации – теперь все необходимые услуги и документы жители Ботлихского района могут оформить в многофункциональном центре. Ежедневно, с 8:00 до 20:00 часов без перерывов, в комфортных условиях. Время ожидания в очереди в среднем не превышает 15 минут.И самое важное - услуги МФЦ абсолютно бесплатны.

Многофункциональный центр по Ботлихскому району является филиалом сети центров Республиканского МФЦ. Он начал свою работу в сентябре 2014г. За неполные полгода центр оказал населению 3269 услуг. Большая часть из них это услуги управления соцзащиты. Также большое количество обращений по оформлению субсидий на оплату жилищно-коммунальных услуг. Кроме того, многие жители района через МФЦ оформили документы на свои дома и земельные участки. Здесь же ботлихцы получают СНИЛС, оформляют прописку и загранпаспорта.Тут же можно оплатить госпошлины. Для удобства заявителей в центре установлена касса банка.

На сегодня МФЦ предоставляет около 200 видов государственных и муниципальных услуг.С 2015 года этот перечень пополнился услугами министерства сельского хозяйства, по оформлению различных субсидий и лицензий на продажу алкогольной продукции. Также теперь через МФЦ можно получить сертификат материнского капитала и различные справки Федеральной налоговой службы.

Кроме того, в МФЦ оказываются услуги нотариуса, все виды страхования, юридические услуги, приобретение авиа и железнодорожных билетов.

***Как работает МФЦ и что это такое?***

Благодаря «принципу одного окна», по которому работают МФЦ, для получения услуги заявитель обращается в МФЦ всего дважды: первый раз – чтобы подать документы, и второй – чтобы получить результат услуги. Весь оказываемый комплекс услуг проходит без участия заявителя, что позволяет ему значительно экономить время и деньги, так как теперь необходимости прибегать к услугам посредников или искать другие пути «ускорения» процедуры оформления документов нет.

МФЦ оказывает земельно-имущественные, паспортные, социальные и многие другие услуги .Также многофункциональные центры оказывают услуги в комплексе. К примеру, при оформлении «зеленки» необходим только паспорт и постановление администрации. Процедуры межевания, получения кадастрового паспорта и регистрационного свидетельства МФЦ проводит уже самостоятельно, без участия заявителя.

Оформление документов через МФЦ это не только удобно, но и дешево. Необходимо оплатить только госпошлины. К примеру, оформление правоудостоверяющего документа на землю (зеленка на землю) через МФЦ обходится около 4 тысяч рублей. Тогда как стоимость у посредников, оказывающих эти же услуги, доходит до 20 тысяч. Кроме того, если при оформлении документов возникают какие-либо проблемы (незаконный отказ или накладка участков), то МФЦ также без участия заявителя решает все вопросы, при этом уведомляя его о каждом этапе исполнения услуги.

Работа МФЦ абсолютно прозрачна.

Одно из преимуществ МФЦ – прозрачность предоставления услуг. Для этого есть электронная очередь, видео- и аудиозапись в окнах операционистов центра, а также система оценки качества работы. Операторы МФЦ только принимают документы для оказания услуги, дальше дело ведет эксперт, который работает с сотрудниками органов власти и учреждений, куда поступают пакеты документов из МФЦ. Таким образом, исключается личная заинтересованность чиновника в оказании услуги и, как следствие, ведется борьба с коррупцией.

С открытием многофункциональных центров где-то рушатся налаженные недобросовестными чиновниками коррупционные схемы, требующие платы за свои услуги. Кто-то даже говорит о том, что МФЦ организация временная и не серьезная. Но эти вопросы решаются с руководством этих структур. При необходимости с обращением в прокуратуру Республики.

Во всех филиалах МФЦ действуют call–центры, которые в режиме "горячей линии" принимают жалобы и предложения от населения. Также посредством call – центра происходит уведомление заявителей о ходе исполнения услуг.

С каждым днем филиальная сеть МФЦ расширяется, а это значит, что получить необходимые документы качественно и в комфортных условиях, сможет каждый житель Республики.

**ГАУ «МФЦ РД»**

# Госпошлины на 01.01.2015г.

| | | НАИМЕНОВАНИЯ УСЛУГИ | стоимость стар. | стоимость нов. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | ЗАГС | за государственную регистрацию заключения брака, включая выдачу свидетельства. | 200 | 350 |
| 2 | ЗАГС | за государственную регистрацию расторжения брака, включая выдачу свидетельств: при взаимном согласии супругов, не имеющих общих несовершеннолетних детей. | 400 | 650 |
| 3 | ЗАГС | за государственную регистрацию расторжения брака, включая выдачу свидетельств: при расторжении брака в судебном порядке - 400 рублей с каждого из супругов. | 400 | 650 |
| 4 | ЗАГС | за государственную регистрацию расторжения брака, включая выдачу свидетельств: при расторжении брака по заявлению одного из супругов в случае, если другой супруг признан судом безвестно отсутствующим, недееспособным или осужденным за совершение преступления к лишению свободы на срок свыше трех лет. | 200 | 350 |
| 5 | ЗАГС | за государственную регистрацию установления отцовства, включая выдачу свидетельства об установлении отцовства. | 200 | 350 |
| 6 | ЗАГС | за государственную регистрацию перемены имени, включающего в себя фамилию, собственно имя и (или) отчество, включая выдачу свидетельства о перемене имени. | 1000 | 1600 |
| 7 | ЗАГС | за внесение исправлений и изменений в записи актов гражданского состояния, включая выдачу свидетельства. | 400 | 650 |
| 8 | ЗАГС | за выдачу повторного свидетельства о государственной регистрации акта гражданского состояния. | 200 | 350 |
| 9 | ЗАГС | за выдачу физическим лицам справок из архивов органов записи актов гражданского состояния и иных уполномоченных органов. | 100 | 200 |
| 10 | ФМС | за выдачу паспорта, удостоверяющего личность гражданина Российской Федерации за пределами территории Российской Федерации до 14 лет. | 1000 | 2000 |
| 11 | ФМС | за выдачу паспорта, удостоверяющего личность гражданина Российской Федерации за пределами территории Российской Федерации, содержащего электронный носитель информации (паспорта нового поколения). | 2500 | 3500 |
| 12 | ФМС | за выдачу паспорта, удостоверяющего личность гражданина Российской Федерации за пределами территории Российской Федерации, гражданину Российской Федерации в возрасте до 14 лет. | 300 | 1000 |
| 13 | ФМС | за выдачу паспорта, удостоверяющего личность гражданина Российской Федерации за пределами территории Российской Федерации, содержащего электронный носитель информации (паспорта нового поколения), гражданину Российской Федерации в возрасте до 14 лет. | 1200 | 1500 |
| 14 | ФМС | за регистрацию иностранного гражданина или лица без гражданства по месту жительства в Российской Федерации. | 200 | 350 |
| 15 | ФМС | за выдачу паспорта гражданина Российской Федерации. | 200 | 300 |
| 16 | ФМС | за выдачу паспорта гражданина Российской Федерации взамен утраченного или пришедшего в негодность. | 500 | 1500 |
| 17 | Росреестр | за государственную регистрацию прав, ограничений (обременений) прав на земельные участки из земель сельскохозяйственного назначения, сделок, на основании которых ограничиваются (обременяются) права на них, за исключением юридически значимых действий, предусмотренных подпунктами 22.1 и 24 настоящего пункта. | 200 | 350 |
| 18 | Росреестр | за государственную регистрацию доли в праве общей собственности на земельные участки из земель сельскохозяйственного назначения. | 50 | 100 |

# БЮДЖЕТ

## ДОХОДЫ БЮДЖЕТА
МО "село Миарсо" на 2015г.и плановый период 2016-2017 годов.

| № п\п | КБК | НАИМЕНОВАНИЕ | 2015г. | 2016г. | 2017г. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | 182 101 02021 01 1000 110 | Налог на доходы физических лиц | 18261 | 18261 | 18261 |
| 2. | 182 106 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 74000 | 54000 | 54000 |
| 3. | 182 106 06023 10 0000 110 | Земельный налог | 34000 | 72232 | 72232 |
| 4. | 001 117 05050 20 0000 110 | Неналоговые доходы | 7494 | 7494 | 7494 |
| | | **Итого собственные доходы:** | **133755** | **151987** | **151987** |
| | | | | | |
| **5.** | **001 202 01001 05 1000 151** | **Дотации** | **2604000** | **2473786** | **2564936** |
| **6.** | **001 202 03003 10 0000 151** | Субвенции на осуществление Федеральных полномочий государственной регистрации актов гражданского состояния на 2015 и плановый период 2016-2017годов | **19835** | **64571** | **70003** |
| | | | | | |
| **7.** | **001 202 03015 10 0000 151** | Субвенции на осуществление Федеральных полномочий по первичному воинскому учету на 2015 и плановый период 2016-2017годов | **48000** | **121000** | **69909** |
| | | **Всего межбюджетные трансферты** | **2671835** | **2659357** | **2704848** |
| | | **ИТОГО:** | **2805590** | **2811344** | **2856835** |

## Бюджетная роспись (расходы) АСП МО "село Миарсо"
на 2015год и плановый период 2016-2017 годов

рб.

| Документ, учреждение | Ведомство | Разд. | Ц.ст. | вид расх | Эк.класс | Доп класс | 2015год | 2016год | 2017год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| Аппарат управления | 001 | 0104 | 0020400 | 121 | 211 | з/п | 804000 | 860000 | 870000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 122 | 212 | суточные | 3000 | 3000 | 3000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 121 | 213 | начисл. | 242808 | 259720 | 262740 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 242 | 221 | интернет\серт. | 20000 | 20000 | 20000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 222 | проездн | 3500 | 3500 | 3500 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 223 | электроэн | 1000 | 2000 | 2000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | квартирн | 10000 | 15000 | 15000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | стр.жизн. | 8900 | 8900 | 8900 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | усл.санэпиднадзора | 16000 | 16000 | 16000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | обучение\торги\ | 12000 | | |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 310 | пр.осн.средств | 140477 | | |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 340 | рас матер | 70000 | 70000 | 70000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 340 | ГСМ | 60000 | 60000 | 60000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 851 | 290 | налог на имущество и земельный налог | 35000 | 40000 | 40000 |
| | 001 | 0104 | 0020400 | 852 | 290 | тр.налог | 1000 | 1000 | 1000 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **1427685** | **1359120** | **1372140** |
| ЗАГС | 001 | 0304 | 3315930 | 121 | 211 | з/п | 14400 | 30000 | 48000 |
| | 001 | 0304 | 3315930 | 121 | 213 | начисл. | 4349 | 9060 | 14496 |
| | 001 | 0304 | 3315930 | 244 | 340 | канцхозтовары | 1086 | 25511 | 9504 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **19835** | **64571** | **72000** |
| ВУС | 001 | 0203 | 9995118 | 121 | 211 | з/п | 36000 | 60000 | 48000 |
| | 001 | 0203 | 9995118 | 121 | 213 | начисл. | 10872 | 18120 | 14496 |
| | 001 | 0203 | 9995118 | 244 | 340 | приобретения | 1128 | 42880 | 7413 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **48000** | **121000** | **69909** |
| **ФК и Спорт** | 001 | **1101** | **5129700** | **244** | **290** | **проч расх** | **100000** | **60000** | **60000** |
| **Молодежная политика** | 001 | **0707** | **4310100** | **244** | **290** | **проч.расх** | **70000** | **15000** | **15000** |
| ЖКХ | 001 | 0503 | 6000200 | 243 | 225 | благоустройство | 134604 | 472073 | 535186 |
| | 001 | 0503 | 6000100 | 244 | 223 | оп. Энергии | 90000 | 100000 | 100000 |
| | 001 | 0503 | 6000500 | 244 | 225 | вывоз тбо | 110000 | 110000 | 110000 |
| | 001 | 0503 | 6000500 | 244 | 226 | услуги БТИ | 45000 | | |
| | 001 | 0503 | 6000500 | 244 | 310 | номерац.домов | 150000 | 150000 | 150000 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **379604** | **682073** | **745186** |
| **Социальные выплаты** | 001 | **1001** | **4910100** | **313** | **263** | Пенсии | **80000** | **60000** | **60000** |
| **Резервные фонды** | 001 | **1003** | **0700500** | **870** | **290** | | **100000** | | |
| **Выборы** | | | | | | | **40000** | | |
| | | | | | | ***ВСЕГО РАСХОДОВ*** | ***2365124*** | ***2361764*** | ***2394235*** |

## Бюджетная роспись (расходы)
Муниципального казенного учреждения МО "село Миарсо"
"Миарсинский центра культуры и досуга"
на 2015год и плановый период 2016-2017 годов.

рб.

| Вед-во | Разд. | Ц.ст. | вид расх | Эк.класс | Доп класс | 2015год | 2016год | 2017год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 001 | 0801 | 4409900 | 111 | 211 | з/п | 283000 | 290000 | 300000 |
| 001 | 0801 | 4409900 | 111 | 213 | начисл. | 85466 | 87580 | 90600 |
| 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 226 | бухгалтерские услуги | 42000 | 42000 | 42000 |
| 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 226 | подписка | 10000 | 10000 | 10000 |
| 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 340 | канцхозтовары | 20000 | 20000 | 20000 |
| | | | | | | **440466** | **449580** | **462600** |

**Гл.бухгалтер** **А. А. Исалдибиров.**

## ХIАЖИМУРАД ГЪАЗИМУХIАМАДОВАСУЛ «ГIУМРУДУЛ НУХДА» АБУРАБ ТIЕХЬАЛДА ТIАСАН ХАСАБ ПИКРУ

ГIалимзабазда аскIоб
ГIелму цIикIкIунеб гIадин
Устарасул малъиялъ
РакI бацIцIад гьаби гIадаб
Аллагь рехсон мукIурлъун
Мунагь чурулеб гIадин
Дуца хъвараб гьаб дур тIехь
Загьир гьабулеб пикру.
Дунял ахираталда пайда боси
мурадлъун
Бусурман вац-яцазе кIудияб
давла буго.

*ХI. Сулейманов.*




Дун жакъа цIакъ вохарав вуго, исламияб дин щулаго ккурав, гIумруялда жаниб къварилъи ва гIатIилъи бихьарав, захIмат бокьи, яхI-намус чорхолъ бессарав, гIадатияв инсан, нилъер районцояв Кванхидалъ росулъа ХIажимурад ГъазимухIамадовас «ГIумрудул нухда» абураб тIехь къватIибе биччаялдаса ва загьир гьабизе бокьун буго гьелда тIасан дирго пикраби.

Дагъистаналъул халкъияв поэт, машгьурав гIалимчи, рухIияб диналъул насихIатчи-Инхоса ГIалихIажияс хъвараб кечI буго.

РагIиялъ гIадан лъала
ГIамал бихьун рехсола
БитIараб бицине ккола
Беццараб кквезе ккола.
Нахъе бахъун иш течIев
Щвараб щула гьабулев
Гьеле витIарав чи
БитIараб нухда вугев.

Гьединлъидал битIараб нухги ккун, умумузул рещарал гIадаталги цIунун, эбел-инсул, мугIалимзабазул, тIад тарал ритIухъал хъулухъчагIазул, рухIияб диналъул церехъабазул рагIиги ишги данде кколел муъминзабазул хасиятал, пишаби данде гьарун хъвараб ва нилъее гьел лъикIал хасиятал цIуни мурадалдалъун хъвараб тIехь буго гьеб.

Гьаб заманалда нилъее чара гьечIого хIажатаб тIехь ккола гьеб. ТIехь биччан буго гIадатияб, бичIчIунеб мацIалъ хъвараб, анлъго бутIаялде бикьун.

«Къокъал кучIдул», 2) «Араб гIолохъанлъи хутIула рекIелъ», 3) «РекIеда лъалкI лъурал лъикIал гIадамал», 4) «ГIумруги гIадамалги», 5) «ГIаламалъи, хIикмалъи», 6) «Дунялги ахиратги».

Гьединго гьеб тIехьалда руго дугIа, тавбу, хадуб рагIи. Гьединаб гIуцIараб къагIидаялъ хъвараб тIехьалдаса пайда босизе ккела.

«ГIумрудул нухда» абураб тIехь цIаларазе бичIчIунеб буго ХIажимурад иман, гIаданлъи бугев, сабруяв ва росу, район, Дагъистан, ва улка бокьулев гIадатияв инсан вукIин, гьеб кинабго нилъелъги букIин буго авторасул мурад.

ХIажимурад дида лъала, Кванхидалъ росдал бегавуллъун гьев хIалтIулеб вукIараб заманалдаса нахъего. Гьев вуго гIадатияв инсан, исламияб диналъул тарбия щварав, гьалбал рокьулев, гьабулеб хIалтIулъ мухIканлъи бугев, щиб иш жинда тIаде къаниги ракIбацIцIадго тIубазабулев, унго-унгояв муъминчи. Гьединаб къагIидаялъ тарбия къун гIезарун руго гьес жиндирго лъимали. ХIажимурад ккола гIун бачIунеб гIелалъул насихIатчилъун.

ХI. ГъазимухIамадовасул «ГIумрудул нухда» абураб тIехьалда тIадчIей гьабун буго аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал гIумруялда хIалтIизарилде.

Инсанас хун хадуб нахъе толеб жо буго, гьес гьабураб гIамал, кьураб садакъа, малъараб гIелму, пайда босизе хъварал тIахьал, иман-исламалъул бичIчIи бугеб хъизан-лъимал.

Гьединлъидал ХIажимурад, дица дуе гьарула тавпикъ, сахлъи, Аллагь разияб гIамалалда хьвадизе гIумру ва гьединго дунялалъеги ахираталъеги пайдаял тIахьал хъвазе пагьму, пасихIлъи, рекIее канлъи.

Ахиралда бокьилаан, районцоял диналъул вацалгун яцал, гьав ХIажимурад ГъазимухIамадовас хъвараб тIехьалдаса щивас пайда босизе. Гьелъул хIисаб гьаби ккола иман щулалъиялъе нужеца тIамулеб галилъун.

*ХIусен СУЛЕЙМАНОВ,*
*Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул мугIалим.*

## БАРКАЛА, РАКIАЛДА ЩВЕЗАРИЯЛЪУХЪ

Болъихъ районалъул №1 гьоркьохъеб школалда цебе хIалтIулеб бугеб ТОКСалъул аслияб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIелалъулъ жив гьавураб ва гIураб ВатIаналдехун рокьи бижинаби, гьелъул рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб рахъалъул даража борхизаби, жиндирго ракъалдаса рекIелъ чIухIи бижинаби.

-Нижер гьитIинаб ВатIанлъун ккола гIагараб Болъихъ росу. Гьединлъидал Россиялъул патриотазул слеталда Унсоколо росулъги ТОКСалъул слетаздаги, кир ниж ругониги, нижеца кидаго рекIелъ кIудияб чIухIигун бицуна нилъер районалда гIумру гьабун ругел гIадамазул захIматалъул ва бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ.



Ахиралда тIобитIараб иргадулаб ТОКСалъул слеталда нижеца бицана Россиялъул БахIарзазул гIумруялъул хIакъалъулъ.

Нижер церерахъиналъухъ балагъун хадуб, республикаялъул ТОКСалъул командир, генерал-майор ГIумар МуртазагIалиевас, аскIовеги вачIун гьикъана: «Нужеца щиб гьабураб БахIарзазул цIарал ва гьезул хIакъалъулъ ракIалдещвеял киданиги кIоченчIого рукIинелъун?»,-ян абун.

Республикаялъул кIудияб сценаялдаса нижеца рагIи къуна Болъихъ росу бакъулъ, гьел БахIарзазул цIарал мармаргьецIоялъул памятникалда хъваялъе хIаракат бахъизе бугилан. Гьеб иш рагIалде бахъинабиялъулъ кIудияб кумек гьабуна районалъул рагъулав комиссар АлбегхIажи УмайхIажиевас. Гьес нижер бухьен гьабуна Дагъистан Республикаялъул военкоматгун, военкоматалъ абуни, нилъер БахIарзаз хъулухъ гьарулел рукIарал частазулгун. Гьединаб къагIидаялъ нилъер БахIарзаз бихьизабураб бахIарчилъи хIакъикъияб букIин якъинлъана.

Болъихъ росу бакъулъ бугеб памятникалда цIарал хъвана нилъер парахатаб, рахIатаб ва ракълилаб гIумру цIунун абадиялъего берал къанщарал БахIарзазул.

Гьединал БахIарзазда гьоркьоса цояв, Цеев Эдуард Кушуковичасухъе ахIун рукIана, гьес ва гьесул гьалмагъзабаз бихьизабураб бахIарчилъи, наслабаз наслабазухъе кьун, киданиги кIочон тезе гьечIин нижеда ва киназулго цIаралги мармар гьецIоялда хъван ругин абун.

Унго-унгояв офицерас гIадаб жаваб къуна Эдуард Кушуковичас: «Баркала, ракIалда щвезариялъухъ»,-ян абун.

**ТОКСалъул нухмалъулей ГI. Халилбегова, БСШ №1 гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъаби-Ибрагьимова Лейла ва ХIасангIалиева Аминат.**

## ЛЪАЗАБИ

КФХабазул бутIруз ва индивидуалиял предпринимателаз районалъул росдал магIишаталъул управлениялде лъагIалил отчетал къезе ккола 2015 соналъул 20 февралалде щвезегIан.

Бихьизабураб болжалалда жаниб отчет кьечIел магIишатазе субсидия щвезе гьечIо.

*А. АЛБЕГОВ,УСХялъул начальник.*

ГIалахъ росдал гьоркьохъеб школалъ 1992 соналда ХIабибов Анвар Абусупьяновичасул цIаралда къураб А №100096 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.


Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ
Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бицана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баянazул жаваб кьола гьезул авторaз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru